

Avi anyèl FERPA 2022-2023

Lwa Edikasyon sou Dwa ak Respè Vi prive Fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) bay paran ak elèv ki gen laj 18 ane oswa plis dwa onivo dosye edikasyon elèv. Deklarasyon Dwa Paran sou Konfidansyalite ak Sekirite Done yo ba w lòt dwa anplis, epi Règleman Chanselye A-820 bay plis enfòmasyon.

Tanpri sonje si w se yon elèv epi ou gen laj 18 ane oswa plis, dwa sa yo se pou ou, epi yo pa pou paran w oswa responsab ou.

Pami lòt bagay, ou gen dwa:

- Enspekte ak revize dosye edikasyon pitit ou nan espas 45 jou apre DOE fin resevwa demann ou an.
- Ou sipoze soumèt yon demand alekri ki idantifye dosye ou ta renmen enspekte a (yo).
- Lekòl pitit ou a ap fè w konnen lè ak lokal kote ou kapab enspekte dosye yo.
- Mande pou yo fè chanjman nan dosye edikasyon pitit ou lè ou kwè yo pa egzat, yo gen konfizyon oswa lè yo vyole dwa FERPA sou respè vi prive pitit ou a.
 - Ou ta dwe mande pou yo modifiye dosye alekri, epi presize pati nan dosye a ou vle yo chanje a ak rezon ki fè yo dwe fè sa.
 - Si DOE deside pa modifiye dosye a jan w mande l, y ap voye di w dwa ou genyen pou yon odisyon ak kèk pwosedi pou odisyon.
- Bay konsantman alekri avan yo divilge enfòmasyon pèsònèl nan dosye edikasyon pitit ou a ki ka pèmèt yo idantifye l. Sepandan, nan kèk ka FERPA pèmèt yo divilge enfòmasyon san konsantman. Ka ki pèmèt yo divilge enfòmasyon san konsantman:
 - Bay yon otorite lekòl ki bezwen gade dosye edikasyon an pou yo ka pran responsablite pwofesyonèl yo. Men moun ki otorite lekòl yo:
 - Anplwaye DOE (tankou administratè, sipèvizè, pwofesè, lòt anseyan, oswa manm estaf ki bay sipò);ak
 - Moun DOE anboche pou bay sèvis oswa pozisyon kote si se pat yo menm li t ap oblije itilize anplwaye pa l yo. Sa yo gen ladan (a) moun ak òganizasyon ki bay sèvis ak fè aktivite pou DOE atravè kontra, (b) anplwaye lòt ajans gouvènman ki bay sèvis oswa fè aktivite ki gen rapò ak DOE, tankou avoka nan Depatman Lwa Vil Nouyòk ki reprezante DOE, ak enfimyè lekòl, ak pèsònèl Biwo sante lekòl ke Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk anplwaye, (c) paran, elèv, oswa lòt volontè k ap ede lòt ofisyèl lekòl yo nan fè travay yo, epi (d) lòt moun oswa òganizasyon ki elijib, tankou konsiltan ak òganizasyon kominotè, men sèlman si yo te dakò alekri pou kenbe enfòmasyon elèv yo konfidansyèl. Moun sa yo oblije sou kontwòl dirèk DOE konsènan itilizasyon ak jesyon enfòmasyon nan dosye edikasyon ki pèmèt yo idantifye elèv pèsònèlman. Kontwòl dirèk la fèt nan plizyè fason, paegzanp konsantman alekri.

- Lè responsab yon lòt lekòl, distri lekòl oswa enstitisyon edikatif kote pitit ou vle ale oswa planifye pou ale, oswa lekòl li deja ye a, mande dosye, si yo mande sa pou enskripsyon oswa pou transfè pitit ou a.
- Lòt eksepsyon egziste ki pèmèt divilgasyon enfòmasyon pèsònèl ki pèmèt yo idantifye moun lan san konsantman l gen ladan yo sèten tip divilgasyon. Yo site kèk pi ba a. Pifò tip divilgasyon sa yo depann sou kèk kondisyon ak limit anplis. Tanpri gade FERPA ak CR A-820 pou plis enfòmasyon sou yo.
 - bay reprezantan antite gouvènman ak ofisyèl ki otorize yo parapò ak odit, evalyasyon oswa sèten lòt aktivite;
 - parapò ak èd finansye elèv lan te aplike an oswa elèv lan te resevwa;
 - bay òganizasyon ki ap reyalize etid yo pou, oswa nan non, NYCDOE;
 - pou akredite òganizasyon yo pou yo reyalize fonksyon akreditasyon yo an;
 - bay paran elèv ki gen laj 18 ane ak plis si elèv la se yon depandan pou kesyon taks Sèvis revni entèn lan (Internal Revenue Service, IRS);
 - pou konfòme yo ak lòd lajistis oswa yon asiyasyon ki bay legalman;
 - bay ofisyèl apwopriye yo parapò ak yon ijans sante oswa sekirite; ak
 - enfòmasyon NYCDOE a te nonmen kòm "enfòmasyon repètwa."
- Pote yon plent ba USDOE si w panse NYC DOE pa respekte egzijans FERPA yo. Ou ka pote plent yo la a:

Student Privacy Policy Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue
SW Washington, DC 20202-8520
oswa pa imèl nan FERPA.Complaints@ed.gov